

# Kudakingira abana gushurashuzwa

Guhera italiki 5 Mukakaro 2021, hariho itegeko rishasha rituma kiba icaha iyo umuntu adakingiye umwana amabi yo gushurashuzwa ari mu kigo kanaka.

Kubw'iryo tegeko, ijambo *umwana* risigura umuntu atarakwiza imyaka 16 canke umuntu ari musu y'imyaka 18 ariko [akaba afise ubumuga bwo mu mutwe](#).

## Ivyaha vyerekeye gushurashuzwa abana

*Icaha c'ugushurashuzwa umwana* ni icaha cerekeye imibonano mpuzabitsina gikorera umwana, muri ivyo harimwo:

- Gufata nabi umwana
- Inyifato iyo ariyo yose y'ubuhumbu ikorerwa umwana
- Gufata ku nguvu
- Guhuza ibitsina kw'abasangiye umuryango
- Kwigisha umwana ubuhumbu mu ntumbero yo kumutegura kuzokora ubuhumbu (umuvyeyi, canke umurezi wiwe)
- Gufata umwana nk'igikoresho c'ubuhumbu
- Gushurashuzwa umwana incuro nyinshi

Kugira utahure bihagije [ivyerekeye ivyaha vyo gushurashuzwa umwana](#).

## Kudakingira abana ishurashuzwa

Hisunzwe iryo tegeko rishasha, kunanirwa gufata ingingo y'ugukingira abana ishurashuzwa ni icaha.

Ico caha gisaba ko umuntu ari mu nzego canke afise ububasha canke uruhara mw'ishirahamwe ko agabanya canke agakuraho intambanyi zizwi zerekeranye n'ugushurashuzwa abana bigizwe n'umuntu akuze yishimikije ijambo afise mw'ishirahamwe .

kudashobora kurinda ico caha bigukorako iyo ufise imyaka 18 canke uyirengeje kandi ukaba ufise uruhara canke ijambo mw'ishirahamwe canke ikigo gifise abana kijejwe canke abana kijejwe kurera, igihe uri umutegekabikorwa canke umucungerezi, kandi ukaba :

- uzi ko hariho akaga n'ingaruka zikomeye k'uwundi muntu akuze na we nyene afise uruhara muri ico kigo canke ishishirahamwe (canke akaba ari [umukorera bushake yanditswe](#)) azokora icaha cerekeye ugushurashuzwa umwana canke abana
- ufise ububasha canke ujejwe igikorwa co kugabanura canke kivanaho burundu ako kaga
- igihe ubikoze ubishaka canke wirengagije gukuraho no kugabanya ako kaga kandi ubibona.

## Gukuraho canke kugabanya akaga

Ingene ushobora gukuraho canke kugabanya ako kaga bivana n'ukugene ibintu bimeze. Ntutegerezwa gukoresha uburyo budakenewe canke kugira inyifato yotera ikibazo.

## Umuntu afitaniye imigenderanire n'ishirahamwe

Kuri ico caha, *ishirahamwe* risigura ikigo kitagizwe n'umuntu umwe

- gishobora gutunganya ibikorwa kanaka abana bakenera
- kijejwe gushiraho canke kubungabunga ibikoresho kanaka (canke ciyemeje gukora ibikorwa kanaka) abana kijejwe bakenera, gucungera canke gusuzuma ico kibanza.

Hashobora kuba harimwo ibigo vya Reta canke ibigo vy'abikorera utwabo, nka:

- amashuri
- amashirahamwe yegamiye amadini
- ibitaro
- ibigo birerwamwo abana



- ahantu hemewe na Reta haba abantu
- ahantu bakorera inkino
- amashirahamwe y'urwaruka.

Umuntu akuze afatwa ko afitaniye imigenderanire n'ishirahamwe kanaka igihe:

- ari we atwara iryo shirahamwe (canke akaba afise uruhara mu buyobozi canke mu gusuzuma ibikorwa vyaryo)
- ari umukozi canke yahawe akazi n'iryo shirahamwe
- ari umukorerabushake w'iryo shirahamwe
- igihe yiyemeje gukora ibikorwa kanaka vyo muri iryo shirahamwe bisaba [ikarata y'ubururu](#) (ni ukuvuga igihe ategerezwa kwemererwa hisunzwe [Itegeko ryo mu mwaka wa 2000 rigenga gukorana n'abana \(gutorera umuti akaga hamwe n'ugusobanura\) \(Working with Children \[Risk Management and Screening\] Act 2000\)](#))
- gukorera ibikorwa kanaka umwana bajewe, bareze canke asanzwe ari mu mugwi w'abana ikigo kijejwe.

Uburorero bw'igihe umwana ahururwa ko arezwe n'ishirahamwe, acungerewe n'ishirahamwe canke ari mu bana ishirahamwe rijejwe, muri ivyo harimwo igihe:

- Umwana ari mu mugwi ukorera inkino muri ico kigo
- Umwana aba mu kigo kijejwe kwitaho abana
- Umwana akorerwa ibikorwa kanaka n'iryo shirahamwe.

### Umukorerabushake yemewe n'amategeko

- *Umukorerabushake yemewe n'amategeko* ni umuntu akuze kandi asanzwe aba canke amara umwanya munini muri ico kigo canke mu nzu y'abantu kanaka bitwararika canke bareze abana mu mihira yabo, kandi basabwa kuba bafise ikarata y'ubururu hisunzwe [Itegeko ryo mu mwaka wa 2000 ritegekanya ivyerekeye gukorana n'abana \(ugukinga ingorane hamwe no kuzisuzuma\) \(Working with Children](#)

### [\[Risk Management and Screening\] Act 2000\)](#)

Muri ivyo harimwo abantu bose bakuze baba muri iyo nzu:

- Ingo z'abantu kanaka zirereramwo abana mu miryango
- Abajewe ibikorwa vyo kwakira mu miryango isanzwe yakiriramwo abantu
- Abajewe kuvurira abantu mu mihana yabo
- Imiryango ijewe kwakira abantu n'abajewe kwakira abantu mu miryango isanzwe yakira abantu.

### Amadini

Ntaco bitwaye nimba warumvise urukurukuru rw'impungenge zikomeye zotuma hamwa gushurashuzwa umuntu bikozwe n'abanyamadini : ico caha kigumaho ntichanganirwa canke ngo kirenze uruho rw'amazi.

### Igihano

Igihano gihabwa umuntu atakingiye umwana gushurashuzwa ni umunyororo w'imyaka itanu .

### Ingendo zikwiye kwiyamirizwa

Umurwi [washizweho n'ubwami kugira ngo ukore amatohoza y'ingene amashirahamwe atorera umuti ivyaha vyo gushurashuzwa abana wasanze hari ibintu bikomeye bidakorwa kugira ngo abana bakingirwe ivyaha vyo gushurashuzwa.](#) Muri ivyo harimwo:

- Kwemerera abantu ko babandanya bakorana n'umwana kanaka inyuma yuko hariho amakenga yashizwe ahabona ku bijanye n'uko hoba harabayeho gushurashuzwa umwana.
- Kwemerera abantu bakekwa ko bashurashuje abana kubandanya bakorana n'abandi bana.
- Kwimura abantu bakekwa ko bashurashuje abana ukabajana mu yandi mashure canke ahandi hantu canke ibindi bigo bikorana n'iryo shirahamwe nyene.
- Kudashobora kumenya ibimenyetso vy'ugushurashuzwa abana bigaragarira



mu ngeso n'inyifato z'abakora ayo mabi, nk'izi zikurikira:

- kumarana umwanya munini ari wenyene n'umwana
- guha ingabire umwana.
- Kwemerera abantu bikekwa ko bashobora kuba barakoze ayo mabi bakagumana n'umwana atawubacungereye.
- Kutagira ikintu na kimwe ukora ku birego vyatanzwe.
- Kudatanga icegeranyo c'abashurashuje abana ku bakuru b'ishirahamwe canke kutabibwira inyamiramabi.
- Kutagira [ingingo z'ugukingira abana akaga](#) ziba zashizweho, harimwo ukudasuzuma yuko abakozi bakorana n'abana bafise ikarata y'ubururu.

## Ayandi makuru

Infashanyo, amakuru n'impanuro ku bakorewe ayo mabi mwobisanga kuri :

- [Gushigikira abagiriwe nabi i Queensland \(Victim Assist Queensland\)](#)
- [umurongo wo gufasha abana \(Kids Helpline\)](#) kuri 1800 55 1800
- [Abajewe imibereho myiza y'imiryango y'Abasangwabutaka n'ababa i Torres Strait Islander \(Aboriginal and Torres Strait Islander family wellbeing services\).](#)

